



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PLIS 200 APATMAN ABÒDAB NAN NEW ROCHELLE

Devlopman 135 milyon dola ki sitiye anba lavil sou kote transpò piblik

Highgarden Tower gen plis pase 75 inite sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Highgarden Tower, yon nouvo batiman 219 inite abòdab nan vil New Rochelle. Devlopman 135 milyon dola a byen sitiye nan yon katye anba lavil kote moun ka mache epi dirèkteman sou kote estasyon tren New Rochelle ak otobis Bee-Line.

"Highgarden Towers bay New Rochelle yon lòt apatman modèn abòdab nan yon kote ki bon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman ki oryante sou transpò piblik sa a baze sou gwo investisman nou yo nan vil la epi asire moun ak fanmi yo gen lojman, sèvis sipò sou plas, ak kalite lavi ki pèmèt yo pwospere."

Nan senk dènye ane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa konsève plis pase 4,700 kay abòdab nan Konte Westchester. Highgarden Tower Apartments kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman Gouvènè Hochul pou 25 milya dola ki pral konstwi oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Tout inite ki nan Highgarden Tower yo disponib pou kay ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn nan. Gen 77 apatman ki rezève pou kay ki gen moun ki bezwen sèvis sipò sou plas tankou konsèy endividyèl ak fanmi, planifikasyon sekirite, antrènman sante ak antrènman finansye.

Batiman an sitiye kèk pa pi lwen estasyon tren New Rochelle epi gen aksè nan Metro-North, Amtrak, ak sistèm otobis Bee-Line la. Anplis pwoksimite li ak transpò piblik,

batiman 19 etaj la sitiye nan zòn anba lavil New Rochelle a epi yo ka mache ladan pou ale nan etablisman swen sante, yon makèt, bibliyotèk ak pak.

Devlopman an gen ladan 8,000 pye kare espas enkibatè kominotè Vil New Rochelle ki gen misyon pou elaji ak devlope ti biznis yo. Espas la pral bay yon platfòm pou kominote a eksplòre opòtinite pou devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl.

Karakteristik efikasite enèji Highgarden Tower gen ladan plonbri ki konsève dlo, aparèy Energy Star ak ekleraj ki gen gwo efikasite. Batiman an gen pakin, de sal kominotè, enstalasyon lesiv, yon sal espò ak yon chanm depo. Ekipman pou fanmi yo enkli yon chanm jwèt pou timoun ak yon espas vèt sou kote.

Se Pwogram Kredi Taks Federal ak Eta pou Moun ki Gen Ti Revni HCR la ki ap sipòte pwojè ki te jenere apeprè 45 milyon dola nan ekite, 26,5 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki egzante taks, 34,7 milyon dola nan sibvansyon ak yon prè 6 milyon dola nan pwogram Federal Fon Fidisi pou Lojman li a. Anplis, sit la te patisipe nan Pwogram Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki gen siksè ki rele [Pwogram Netwayaj Ansyen Sit Endistriyèl](#) epi li te vin elijib pou 7 milyon dola nan kredi taks Depatman Taks ak Finans Eta New York pral bay. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki bay finansman fonksyonman pou 77 inite sipò yo atravè Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA).

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Konbat kriz lojman nou an ak sipòte ekonomi nou an ale men nan men. Highgarden Tower se yon kay abòdab pou plis pase 200 fanmi epi li montre tou vizyon Gouvènè Hochul sou kwasans ekonomik. Menm jan ak pwojè nou yo atravè New Rochelle ak eta a, li priyòze karakteristik ki amelyore kalite lavi pou rezidan yo tankou amelyorasyon dirabilite ak sèvis sipò. Devlopman 135 milyon dola sa a pral ogmante aksesibilite, amelyore aksè nan transpò piblik, epi sipòte kominote anba lavil New Rochelle la. Nou remèsye patnè nou yo ki pèmèt pwojè sa a reyalize."

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Ouvèti Highgarden Tower Apartments nan New Rochelle pral bay rezidan Konte Westchester ki te fè eksperyans sanzabri yo lojman abòdab ki nesèsè anpil ansanm ak sipò ki nesèsè pou ede yo rete an sekirite epi pwospere. Aksè lokal la nan transpò piblik ak resous kominotè yo pral anrichi lavi rezidan yo. Nou rekonesan pou gwo sipò Gouvènè Hochul nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ak pou angajman li pou elaji opsyon lojman sipò pèmanan atravè Eta New York."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Sean Mahar, te deklare, "Transfòmasyon ansyen sit endistriyèl yo pou tounen lojman abòdab nan kominote ki pa gen defavorize yo se yon karakteristik nan Pwogram Netwayaj Ansyen Sit Endistriyèl, ki ede sipòte efò revitalizasyon lokal yo atravè netwayaj polisyon anviwònman an atravè eta nou an. Sit Highgarden Tower Apartments nan Konte Westchester se yon bèl egzanp sou fason pwogram siksè sa a kontinye avanse

angajman Gouvènè Hochul pou ogmante konstriksyon lojman abòdab nan tout eta a pandan li ap sipòte misyon DEC pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Devlopman sa a non sèlman ofri lojman abòdab ki nesèsè anpil, men tou bay sèvis sosyal sipò yo priyorize. Avèk 77 inite sipò ki ofri sèvis sou plas tankou konsèy ak fòmasyon travay, Highgarden Tower demontre angajman nou pou ede popilasyon vilnerab yo. Lokal prensipal li tou prè estasyon tren New Rochelle asire aksè fasil nan transpò, swen sante, ak espas kominotè. Highgarden Tower montre sa nou ka reyalize atravè planifikasyon ki byen reflechi ak envestisman nan kominote a. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul ak tout moun ki patisipe nan etap enpòtan sa a."

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Highgarden Tower se yon bèl egzantp sou fason nou ka abòde bezwen lojman enpòtan nou yo pandan nou ap kreye kominote ki dinamik ak dirab. Lè nou bay lojman abòdab ansanm ak sèvis sipò ak aksè fasil nan transpò piblik, pwojè sa a se yon temwayaj angajman New Rochelle ak Eta New York pou kreye katye enklizif, oryante sou transpò piblik ki amelyore kalite lavi pou rezidan yo. Mwen tèlman kontan wè pwojè sa a reyalize epi mwen remèsye HCR ak Vil New Rochelle pou travay di yo ak lidèchip yo pou fè pwojè sa a vini reyalyte."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak vizyon li pou Highgarden Tower nan New Rochelle. Konte Westchester kontan paske li te jwe yon wòl enpòtan nan devlopman 219 inite lojman abòdab, lè li itilize tè Konte a te genyen ke li te bay vil la okòmansman pou rezon minisipal, epi finalman te aksepte demann vil la pou devlopman lojman abòdab. Devlopman 135 milyon dola ki oryante sou transpò piblik sa a bay lojman pou fanmi ki gen yon revni ki nan 80% AMI oswa pi ba, epitou li bay lojman ki gen Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Voucher), gras ak patenarya ak Eta New York."

Majistra New Rochelle, Yadira Ramos-Herbert, te deklare, "Nan mitan yon kriz lojman nan tout eta a, 219 apatman abòdab Highgarden Tower yo adrese yon bezwen kritik. Antanke vil ki ap grandi pi rapid nan Konte Westchester ak yon Kominote an Favè Lojman Gouvènè Hochul deziyen, batiman tankou Highgarden Tower asire New Rochelle rete yon vil ki ka viv ak aksesib pou tout moun."

Se Georgica Green Ventures, LLC an kolaborasyon ak RXR, mèt pwomotè Anba Lavil New Rochelle, ki te konstwi Highgarden Tower. Antite san bi likratif New Destiny Housing pral bay sèvis sipò sou plas.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Georgica Green Ventures LLC. Ian, David J. Gallo, te deklare, "GGV kontan anpil pou selebre ouvèti Highgarden Tower, nan bay vil New Rochelle lojman esansyèl abòdab ak sipò. Highgarden Tower pa t ap posib san sipò patnè nou yo nan New Destiny, NYS HCR, Vil New Rochelle, Konte Westchester, ak OTDA - nou tèlman fyè pou nou fè patenarya avèk yo sou lojman sa a ki nesèsè anpil."

Direktè Egzekitif New Destiny Housing lan, Nicole Branca, te deklare,"Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak RXR ak Georgica Green Ventures sou Highgarden Tower. Bèl nouvo batiman sa a gen ladan 77 apatman abòdab pou fanmi ki bezwen sèvis sipò. Gwo mèsè pou Inisyativ Lojman Sipò Empire State Eta New York (ESSHI), atravè li nou ap gen sèvis sou plas pou asire lokatè yo gen resous yo bezwen pou konstwi avni an sekirite pou tèt yo ak pou pitit yo."

Vis Prezidan Egzekitif Sèvis Devlopman RXR, Joseph Graziose, Jr. te deklare "Avèk aksè pèmanan li yo, lokal ki toupre transpò enpòtan yo ak sèvis sosyal sou plas yo, Highgarden Tower se yon modèl pou devlopman dirab lojman abòdab. Highgarden Tower non sèlman ogmante anpil kantite inite bon jan kalite abòdab nan Konte Westchester, men li sèvi tou kòm yon resous ki gen anpil valè pou rezidan New Rochelle yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)